**दिन—शुक्रवार** **दिनांक—24.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधि— 05 मिनट

---

बिहार विधानसभा चुनावक पहिल चरणक विभिन्न विधानसभा क्षेत्र सभ मे आइ एनडीए आओर महागठबंधनक स्टार प्रचारक कतेको सभा सभ कँ संबोधित कऽ रहल छथि। प्रधानमंत्री नरेंद मोदी समस्तीपुर मे एनडीए प्रत्याशी सभक समर्थन मे जनसभा कँ संबोधित कयलनि। प्रधानमंत्री श्री मोदी विधानसभा चुनावक लेल आइ सँ चुनाव प्रचार अभियानक शुरूआत कयलनि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आइ दावा कयलनि जे एनडीए कँ नेतृत्व मे मात्र बिहार विकसित राज्य बनि सकैत अछि। समस्तीपुर जिलाक दुधपुरा मैदान मे एकटा जनसभा कँ संबोधित करैत श्री मोदी कहलनि जे हुनक सरकार सुशासन के समृद्धि मे परिवर्तित करबाक कार्य कयलक अछि। ओ राजद आओर कांग्रेस पर भ्रष्टाचार कँ बढ़ावा देबाक आरोप लगबैत कहलनि जे एहि दुनू दलक नेता हजारों करोड़क भ्रष्टाचारक मामिला मे जमानत पर चलि रहल छथि। प्रधानमंत्री कहलनि जे एनडीए सरकार सुशासन कँ समृद्धि मे बदलब मे विश्वास रखैत अछि। एहि कारणे बिहारक लोक विधानसभा चुनाव मे एहि बेर सेहो जंगलराज बला कँ दूरे रखताह। ओ कहलनि जे लोक सभकँ एनडीए पर भरोसा छैक, एहि कारणे जनता बेर—बेर एनडीए कँ समर्थन दैत अछि।

---

एहि सँ पहिने प्रधानमंत्री समस्तीपुरक कर्पूरी ग्राम पहुंचला पर भारत रत्न कर्पूरी ठाकुर कँ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। ओ कहलनि जे विपक्षक लोक जननायक कर्पूरी ठाकुरक उपाधि चोरएबाक प्रयास कऽ रहल छथि। जनसभा कँ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, केंद्रीय मंत्री जीतनराम मांझी, चिराग पासवान आओर नित्यानंद राय सेहो संबोधित कयलनि। ओतहि भाजपाक स्टार प्रचारक आओर केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह आइ सीवान आओर बक्सर जिला मे जनसभा सभ कँ संबोधित कयलनि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केंद्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान सेहो गोपालगंज मे एनडीएक समर्थन मे जनसभा कँ संबोधित कयलनि। एम्हर, महागठबंधनक मुख्यमंत्री पदक उम्मीदवार तेजस्वी प्रसाद यादव पटना मे संवाददाता सँ बातचीत मे कहलनि जे ओ बिहार मे अपराध मुक्त आओर भ्रष्टाचार मुक्त सरकार देताह। श्री यादव कहलनि जे ओ मुख्यमंत्री बनताितऽ बिहारक सभ लोकक प्रतिनिधित्व करताह। ओ

कहलनि जे ओ झूठ–फुसक बात पर नहि, पक्का बात पर विश्वास करैत छथि। श्री यादव कहलनि जे संविदाकर्मी सभकेँ स्थाई नौकरी देल जायत आओर राज्यक बेरोजगारीक समस्या दूर करबाक लेल कदम उठाएल जायत।

———————————————————————————

विधानसभा चुनावक दोसर आओर अंतिम चरणक लेल बीसटा जिला सभक एक सय बाईस निर्वाचन क्षेत्र सभ मे एक हजार तीन सय दू टा उम्मीदवार चुनावी मैदान मे छथि। काल्हि नाम वापसीक अंतिम दिन सत्तरि टा अभ्यर्थी लोकनि अपन पर्चा वापस लऽ लेलनि। निर्वाचन आयोग सँ प्राप्त जानकारीक अनुसारें सभसँ बेसी बाईस टा उम्मीदवार रोहतास जिलाक सासाराम विधानसभा क्षेत्र सँ अपन भाग्य आजमा रहल छथि। ओतहि, सभसँ कम पांच टा उम्मीदवार चनपटिया, रक्सौल, सुगौली आओर त्रिवेणीगंज विधानसभा क्षेत्र सँ चुनावी मैदान मे छथि। काल्हि जे उम्मीदवार अपन नामांकन वापस लेलनि, ओहि मे वारिसलीगंज आओर प्राणपुर सँ कांग्रेस उम्मीदवार, बाबूबरही सँ वीआईपी उम्मीदवार प्रमुख छथि। दोसर चरणक तहत कुल एक हजार सात सय एकसठि प्रत्याशी लोकनि अपन नामांकन पत्र दाखिल कएने छलाह। ओहि मे सँ तीन सय नवासी प्रत्याशी सभक पर्चा रद्द कऽ देल गेल छल। एहि चरणक तहत एगारह नवम्बर कँ मतदान होयबाक अछि।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कहलनि अछि जे रोजगार मेला युवा सभक सपना कँ पूरा करबाक माध्यम बनि चुकल अछि। श्री मोदी आइ दिल्ली मे आयोजित सत्रहम राष्ट्रीय रोजगार मेलाक दरमियान वीडियो संदेश मे ई बात कहलनि। ओ विभिन्न सरकारी विभाग सभ आओर संगठन सभ मे नव–नियुक्त युवा सभकेँ वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यमे एकावन हजार सँ बेसी नियुक्ति पत्र प्रदान कयलनि।

———————————————————————————

विधानसभा चुनाव के लऽकऽ आदर्श आचार संहिता लागू हेबाक बाद लगभग अस्सी करोड़ टाका नगद, शराब, ड्रग्स, कीमती धातु आओर उपभोक्ता सभकेँ प्रलोभन दय जाइवला वस्तु सभ जब्त कएल गेल अछि। अपर मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी प्रशांत कुमार बतौलनि जे स्वच्छ आओर निष्पक्ष चुनाव सुनिश्चित करबाक लेल कतेको कदम उठाएल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे फेक न्यूज, भ्रामक समाचार व एआई निर्मित सामग्री सभपर विशेष नजरि राखल जा रहल अछि।

———————————————————————————

लोक आस्थाक महापर्व छठि काल्हि नहाय–खायक अनुष्ठानक संग शुरू भऽ जाएत। व्रती पहिल दिन अरवा चाउरक भात, बूटक दालि आ सजमैनिक तरकारी बनाकऽ ओकरा प्रसादक रूप मे ग्रहण करतीह। विभिन्न जिला सभ सँ हमर संवाददाता लोकनि बतौलनि जे छठि घाटक साफ–सफाई आओर घाट सभपर प्रकाशक उचित व्यवस्था समेत अन्य सुविधा उपलब्ध करएबाक लेल जिला प्रशासनक संग–संग विभिन्न स्वयंसेवी संस्था सभ आओर आम जनता सेहो जुटल छथि। छठि घाट धरि जायवला मार्ग कँ समतल करबाक संग–संग बैरिकेडिंग सेहो कएल जा रहल अछि। छठि घाट सभपर चेजिंग रूम, स्वच्छ पेयजल, शौचालय आओर स्वास्थ्य सुविधा समेत अन्य नागरिक सुविधा सभक सेहो व्यवस्था कएल जा रहल अछि। जिला प्रशासन दिस सँ छठि घाट सभपर सुरक्षा बलक सेहो प्रतिनिुक्ति कएल गेल अछि। संगहि, केहनो तरहक आपातकालीन स्थिति सँ निपटबाक लेल एनडीआएफ आओर एसडीआरएफ कऽ सेहो तैनाती कएल गेल अछि।एम्हर, डाक विभाग छठि–व्रति सभक लेल माई स्टाम्प जारी कयलक अछि। एकर तहत छठि–व्रति अपन तस्वीरक संग स्टाम्प बनाबा सकैत छथि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ एफएम रेनबो पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।